



## **Pwosedì pou plent (Kreyòl Franse)**

Ki jan yo fè yon plent

Nenpòt moun ki santi ke yo te fè diskriminasyon kont yo akòz ras, koulè oswa orijin nasyonal yo ta dwe pote yon plent ki baze sou Atik VI konpayi an nan ranpli epi retounen fòm VI a nan konpayi an. Ou ka fè plent tou pa telefòn nan (954) 789-2601, ekstansyon 107 oswa sou Entènèt nan [www.bcckids.org](http://www.bcckids.org). Pou Broward Children's Center kapab mennen ankèt sou yon plent resevwa, li pa dwe depase 180 jou apati ensidan an. Broward Children's Center pral envestige sèlman plent ki ranpli yo. Pou plent lan nèt sou tout pwen, moun ki fè li dwe omwen genyen non li, nimewo telefòn li, dat ensidan an, epi bay detay sou sa ki te pase a.

Yon fwa nou resevwa plent lan, Broward Children's Center pral revize ka a pou detèmine si biwo yo a gen jiridiksyon sou li. Moun ki te depoze plent lan ap resevwa yon lèt pou fè yo konnen si biwo nou an ap mennen ankèt sou ka a.

Broward Children's Center gen katrevendis (90) jou pou mennen ankèt sou plent la. Si yo bezwen plis enfòmasyon pou rezoud ka a, Broward Children's Center ka kontakte moun ki te depoze plent lan. Moun ki depoze plent lan gen dis (10) jou travay pou voye enfòmasyon yo mande a bay moun k ap mennen ankèt sou ka a. Si moun ki depoze plent lan pa kontakte envestigatè a oswa si li pa resevwa enfòmasyon li bezwen nan dis (10) jou ouvrab, Broward Children's Center ka fèmen ka a administrativman. Ka a ka fèmen administrativman tou si moun ki pote plent lan pa pouswiv ka a avèk siksè.

Aprè envestigatè a fin revize plent lan, li pral voye youn nan de lèt sa yo bay moun ki te depoze plent la: yon lèt pou fèmen ka a oswa yon lèt ki gen rezilta dosye a. Lèt fèmten a gen ladann yon rezime tout akizasyon yo epi li di ke pa te gen okenn vyolasyon Atik VI e se poutèt sa ka a fèmen. Lèt LOF a rezime tout akizasyon ak entèvyou ki fèt konsènan ensidan an, epi li eksplike nenpòt aksyon disiplinè, fòmasyon adisyonèl manm pèsonèl la, oswa nenpòt lòt aksyon yo ka deside pran. Si moun ki te depoze plent lan vle fè apèl kont desizyon sa a, li gen sèt (7) jou pou fè sa depi lè li te resevwa lèt LOF la.

Pwosedì ak fòm plent la ap disponib pou piblik la sou sitwèb Broward Children's Center nan [www.bcckids.org](http://www.bcckids.org). Si w bezwen enfòmasyon nan yon lòt lang, kontakte David Williams, Direktè Operasyon yo nan (954) 789-2601.